

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Aya prosés nu kréatif ti para seniman dina kamajuan kasenian jaman kiwari. Sakumaha anu ditétélakeun ku Gunawan (2014, kc 1) yén seni jeung senimanna sering diidéntikkeun kana kreativitas. Pangna kitu téh, nya ngaliwatan seni nyiptakeun sababaraha karya nu unik, anyar, sarta anéh, nu teu kungsi kapikiran ku jalma lianna. Salah sahiji wangu prosés kréatif ti seniman tradisi Sunda nyaéta ayana istilah anyar nyaéta *kawih kacapi harmonian*.

Istilah *Kawih* jeung *Tembang* mémang geus teu bireuk deui pikeun masarakat Sunda. Éta dua hal geus remen dipaké ku urang Sunda pikeun nyebut sakur lalaguan anu aya di tatar Sunda. Anu jadi pasualan nyaéta masarakat jaman kiwari remen patukeur dina ngabédakeun antara kawih jeung tembang. Padahal éta pasualan geus dipedar ku Hendrayana (2016) nétélakeun yén kawih geus leuwih mimiti aya sakumaha anu kaunggel dina naskah Sunda kuna *Sanghyang Siksa Kandang Karesian*. Nurutkeun Ningsih (2018) rumpaka cianjurán miboga kualitas nu hadé dina segi téma, tatabasa, ogé ma'na anu nyangkaruk dina unggal rumpakana. Tapi éta hal teu bisa disingkahan kusabab ayana persaingan budaya asing (modéren). Éta persaingan ngabalukarkeun seni nu aya di Sunda kurang dipikaresep jeung bisa méré pangaruh anu négatif, upamana dina eksisténsina. Éta hal sarua jeung pasualan nu karandapan dina kawih.

Kawih mangrupa beungkeutan unsur-unsur nu silih pakait sarta miboga harti. Rumpaka kawih miboga struktur anu tangtu, ogé miboga ajén-inajén anu jero, hususna ajén éstética anu nyangkaruk dina unsur kabasaanana atawa unsur eusina. Luyu jeung pamadegan Koswara (2013, kc 6) anu nétélakeun yén sastra mangrupa hiji bagian tina seni anu mibanda ciri mandiri, ngandung kaartistikan, kaéndahan, kajujuran, kaorsinilan, jeung ngandung bebeneran anu salawasna nungtu kana sipat anu lemes, malahan mah nganteur kana tujuan pangjugjungan kahirupan manusia anu leuwih wijaksana. Sedengkeun numutkeun Hendrayana (2016, kc 11) nétélakeun yén kawih téh induk sakumna seni sora nu aya di Sunda. Atawa, sakur seni sora nu aya di Sunda disebut kawih. Kawih ogé geus dijentrékeun dina naskah Sunda kuna Sanghyang Siksa Kandang Karesian (SSKK), medal taun 1518 M nu nyebutkeun lamun hayang nyaho ngeunaan kawih nya tanyakeun ka paragona (ahli musik, ahli kawih).

Dina kawih tangtuna nyampak ajén éstétika ku kituna ajén éstétika nyaéta hiji ulikan nu nilik kana unsur kaéndahan boh dina seni musik, boh dina seni tari, seni rupa atawa kana teks sastra. Ieu luyu jeung nu ditétélakeun ku Herdini (2012) yén istilah éstétika bisa dihartikeun filsafat kaéndahan.

Ratna (2011, kc 36) nétélakeun yén ajén éstétika téh ngawengku sagala hal anu aya patalina jeung unsur kaéndahan, nyaéta dina eusi (Purwakanti jeung Gayabasa) jeung kabahasaanna nurutkeun tiori Ratna (2011, kc 142). Dina ieu panalungtikan ogé baris medar unsur struktural anu nyangkaruk dina rumpaka lagu album *Kolot Kalapa*, sacara étimologis strukturalisme asal kecapna tina “struktur”, hartina nyaéta ayana hubungan anu tetep antara kelompok-kelompok gejala atawa unsur (élémen). Éta hubungan téh digelar ku panalungtik tina hasil panalungtikanna. Éta kaitan atawa hubungan téh saéstuna anu nangtukeun sarta ngécéskeun saban-saban objék anu ditalungtik (Koswara, 2007, kc. 13). Dina ieu panalungtikan ogé nilik kana karya sastra wangun pusi anu dijadikeun lagu kawih. Musatappa (2014, kc 37) nétélakeun aya tilu unsur penting dina sajak, nyaéta imaji, simbul, lambang jeung musicalitas atawa wirahma, hal séjénna nu sarua pentingna, nyaéta suasana, téma, jeung gaya basa. Tina genep éta unsur sajak téh kudu sajalan pikeun maluruh unsur struktural dina karya sastra wangun sajak.

Dina kawih album *Kolot Kalapa* ciptaan Ubun Kubarsah dieusian ku sababaraha lagu. Tina judul-judulna nimbulkeun aya sababaraha pasualan anu nanyakeun yén nahe éta judul saluyu jeung makna nu aya dina rumpaka atawa henteu. Contona dina judul lagu “*Kolot Kalapa*” di dinya katitén pisan antara judul jeung eusi rumpakana téh béda. Éta pasualan téh teu langsung dipikaharti ku masarakat nu ngadéngékeun éta lagu. Dina jaman kiwari ogé ieu kawih album “*Kolot Kalapa*” kacida populér di masakarat hususna di Jawa Barat, satulunya ieu kawih album “*Kolot Kalapa*” jadi gaya kawih kacapi modéren di masarakat. Luyu jeung éta pamarekan Héndrayana (2017, kc. 113) nétélakeun yén di taun 2010 medal album “Énjing Deui” Karya Ubun Kubarsah tos jadi ‘kiblat’ gaya kawih jaman kiwari. Album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah, kusabab panasaran panalungtik kana kawih anu modéren tapi dina eusi ruimpaka jero pisan diteuleuman.

Album *Kolot Kalapa* nu dihaleuangkeun ku Rita Tila aya 8 (dalapan) lagu. Dina ieu album aya pasualan-pasualan nu nyampak pikeun ditalungtik. Hususna dina judul lagu jeung rumpaka laguna anu miboga eusi nu jero pikeun ngarajong ieu panalungtikan. Ku kituna, panalungtik milih ieu album pikeun objék panalungtikan.

Panalungtikan nu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan anu dilakukeun ku Herdini (2012) anu judulna *Estetika Karawitan Sunda* nu medar ngeunaan analisis éstética karawitan tradisi Sunda nu aya patalina jeung konsép masagi nu dilarapkeun dina kabudayaan masarakat Sunda. Hasil tina éta panalungtikan pasualan ngeunaan éstética aya patalina jeung pola pikir sarta kabiasaan hirup masarakatna. Lian ti éta, panalungtikan séjenna nyaéta panalungtikan anu dilakukeun ku Indri Pravitasari (2012) anu judulna *Analisis Struktural-Semiotik lirik lagu Mon Meilleur Amour Karya Anggun Cipta Sasmi* anu ngaguar ngeunaan analisis struktural jeung semiotik pikeun mikanyaho ma'na rumpaka lagu sacara leuwih jero. Hasil tina éta panalungtikan kapanggih aya aspék sora, aspék sitaksis, aspék semantik, jeung aspék semiotik anu nyangkaruk dina éta lagu.

Aya sababaraha panalungtik anu nalungtik ngeunaan rumpaka saperti skripsi meunang Anisa Gusnira (2018) anu judulna “*Rumpaka Album Kawih Deudeuh jeung Geugeut Karya Eddy D. Iskandar Pikeun Bahan Pangajaran Kawih Di SMA Kelas XI (Ulikan Struktural jeung Ajén Estética)*” nu medar ngeunaan wangun rumpaka album kawih, struktur rumpaka, ajén éstética, jeung kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun pangajaran kawih. Lian ti éta aya skripsi meunang Dimas Patria (2012) kalayan judul Tilikan “*Tilikan Struktural Jeung Sémiotik Kana Rumpaka Cianjur Wanda Rambatan Sanggian Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMA*” anu medar ngeunaan struktur rumpaka cianjuran, tilikan sémiotik rumpaka cianjuran.

Sasaruaan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Anisa Gusnira (2018) nyaéta dina bagbagan medar ngeunaan unsur struktural jeung ajén éstética nu aya dina rumpaka lagu. Ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku Dimas Patria (2012) ogé sarua medar ngeunaan unsur struktural nu aya dina rumpaka lagu. Sedengkeun bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina objekna. Panalungtikan meunang Anisa Gusnira (2018) objék panalungtikana kana lagu album kawih kawih Deudeuh jeung Geugeut karya Eddy D. Iskandar, jeung panalungtikan anu digarap ku Dimas Patria (2012) objékna kana rumpaka lagu cianjuran wanda rambatan sanggian Ubun Kubarsah.

Pikeun ngungkuluan masalah dina ieu panalungtikan, dipaké pamarekan ajén éstética jeung ulikan struktural. Wangun rumpaka lagu nu aya dina album kolot kalapa dianalisis tina ajén éstética jeung tina struktur rumpakana.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta piken mikanyaho lumangsungna ajén éstétika nu nyangkaruk dina rumpaka lagu, jeung unsur strukturalna dina rumpaka kawih album “Kolot Kalapa”. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahana pangaweruh jeung pamahaman kana kawih. Sabab mun teu bisa ngabédakeun anatara kawih jeung tembang bisa ngabalukarkeun salah pamahaman ti masarakat. Tuluy mikanyaho kana eusi rumpaka kawih boh tina ajén éstétika jeung unsur strukturalna. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul “ Ajén Éstétika dina Rumpaka Kawih Album *Kolot Kalapa* Karya Ubun Kubarsah pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA Kelas X (Ulikan Struktural)”.

1.2 Rumusan Masalah

- a. Kumaha wangun rumpaka kawih dina Album kawih *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah?
- b. Kumaha struktur rumpaka dina Album kawih *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah?
- c. Ajén éstétika rumpaka kawih naon baé nu nyampak dina Album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah?
- d. Kumaha larapna hasil panalungtikan ajén éstétika dina rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah pikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung husus. Anapon éta tujuan umum jeung husus di antarana sakumaha ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngawanohkeun, numuwuhkeun kareueues kana budaya daerah nu kaunggel dina karya sastra sangkan dipikawanoh ku masarakat. Salian ti éta, bisa dijadikeun tolak ukur pikeun ngajén kamampuh masarakat dina maham sarta nganalisis eusi rumpaka.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu hayang kahontal tina ieu panalungtikan nyaéta.

- a. nganalisis jeung ngadéskripsikeun wangun rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah;

Yoga Agung Nugraha, 2020

AJÉN ÉSTÉTIKA DINA RUMPAKA KAWIH ALBUM KOLOT KALAPA KARYA UBUN KUBARSAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X (Ulikan Struktural)

Unoiversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. nganalisis jeung ngadéskripsikeun struktur rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah;
- c. nganalisis jeung ngadéskripsikeun ajén éstétika rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah;
- d. larapna hasil panalungtikan ajén éstétika dina rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah pikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta (1) Mangpaat tina segi téoritis (2) Mangpaat tina segi praktik

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat sacara téoritis tina ieu panalungtikan nyaéta bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan karya sastra, hususna dina wangun puisi tina rumpaka kawih. Salian ti éta ieu hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang élmu ajén éstétika jeung élmu struktural.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, bisa jadi référénsi pikeun panalungtikan satulunya nu aya patalina jeung rumpaka kawih tina segi ajén éstétika jeung struktural.
- b. Pikeun guru, bisa dipaké pikeun nambahana pangaweruh dina ngamekarkeun bahan ajar di sakola, ku cara ngagunakeun rumpaka kawih klasik boh rumpaka kawih modéren.
- c. Pikeun siswa, bisa dipaké pikeun numuwuhkeun karesep tur karepna kana diajar kawih. Lian ti éta dipiharep ku ayana ieu panalungtikan siswa bisa neuleuman ma'na tina rumpaka kawih nepika bisa ngarobah karakter siswa, ngalemeskeun budi, jeung ngalempengkeun akal.
- d. Pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun minat atawa karep masarakat kana kasenian, anu miboga ajén inajén. Masarakat kudu bisa ngarojong kana seni tradisional hususna kasenian kawih sangkan bisa nanjeur ditengah-tengah budaya modéren.

1.4.3 Mangpaat Tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngarojong kawijakan *Balai Pelestarian Nilai Budaya* (BPNB) Bandung jeung *Dinas Pariwisata dan Kebudayaan* Jawa Barat anu nangtukeun yén Cianjur salah sahiji kasenian anu ditarima kalawan hadé, tina 30 materi budaya Sunda anu diajukan jadi “Warisan Budaya tak Benda” (WBTB) ka Kementrian Pendidikan jeung Kebudayaan. Kitu ogé ngarojong kana Perda Provinsi Jawa Barat No. 14 taun 2014 nguenaan Pelestarian jeung Pengembangan Bahasa, Sastra, jeung Aksara Sunda.

Salian ti éta dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi bongbolongan pikeun siswa ngungkul anu handapna minat siswa pikeun diajar atawa mikawanoh kana kawih. Salah sahijina ku cara diayakeunna pasanggiri-pasanggiri kawih ku Dinas Pendidikan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, Bab I mangrupa bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang tina masalah anu ditalungtik, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta struktur organisasi skripsi.

Dina BAB II, eusina ngeunaan tiori-tiori anu dipaké pikeun ngarojong kana ieu panalungtikan. Tiori anu dipedar nyaéta ngeunaan ajén éstétika, struktural, kawih, jeung bahan pangajaran resensi anu dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah anu ditalungtik, panalungtikan saméméhna, sarta kalungguhan tiori.

Dina BAB III, eusina ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalugtikan, anu eusina ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, teknik panalungtikan, jeung analisis data.

BAB IV, eusina ngeunaan déskripsi hasil panalungtikan, anu ngawengku hasil analisis ajén éstétika jeung struktural dina unggal rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah, anu satulunya dilarapkeun pikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X.

BAB V, eusina ngadéskripsikeun kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satulunya.